КІУЭКІУЭ Юрий: Мэкъумэш хозяйствэм халъхьэхэр къыпэкІуэжым техуапхъэщ

КъБР-м и Іэтащхьэм иригъэкІуэкІа зэІущІэр теухуат республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэм

2015 гъэм и япэ кварталым щыІа лэжьыгъэм кІрикІуахэр нэгъабэрейхэм йофІэкІ. Налог къыхэхьыныгъэхэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэмкІэ къалэныр процент 120-кІэ гъэзэщІа хъущ, - жиІащ КъБР-м и премьер-министр Мусуков Алий.

ГъАТХЭ сэгъуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщІохуабжь. Мы гъэм абыхэм щІы гектар 238,4-рэ яубыд, ар нэгъабэ елъытауэ процент 107,7-рэ мэхъу. КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм хьыбар къызэритамкІэ, жылапхъэрэ дагъэгъэсыныпхъэкІэ къызэгъэпэщынымкІэ гугъуехьхэр щыІэкъым. А Іэхэугъуэхэм папщІэ республикэм и мэкъумэшыщІэхэм бюджетым сом мелуани 102,5-рэ щыхуахащ. Дызэрыт илъэсым гектар мин 1,4-м жыгэр щыхасэну я мурадщ. МэкъумэшыщІэхэм а Іэхэугъуэхэм трагъэкІуэдахэм ящыщ гуэрхэр хуапшныжьынущ, ауэ КІуэкІуэм къызэрыхигъэщамкІэ, бюджет хэлъхьэныгъэхэр абы кьыпэкІуэм техуапхъэщ.

КъБР-м и Іэтащхьэм жиІащ мэкъумэшыщІэхэр ирытрагъэгушхуэн папщІэ къэрал мылъкыр зэпэлъытауэ къызэрыгъэсэбэпыпхъэр икІи КъБР-м и Правительствэм чэнджэщ ираташ жызыуи гъэкІынымрэ щелэжь предприятэ языныкъуэхэмрэ къэгъэщІэрэщІэжьынымкІэ Іэмалхэм хэплъэжыну, «къэгъэхъужын» хуей лэжьапІэ объектхэр инвестиразицэ щІыныр мазэ пІаныпм къриубыдэу зэфІагъэкІыу ахэр сэбэп хъаху къэгъэсэбэпынымкІэ унэтІыныгъэхэр зэхагъэуэвэну.

Гуманитар дэІэпыкъуныгъэу тонни 106-рэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ирашу Донецк кьалэм зэрыэрагъэхьам теухуа информацэм едэІуа неужь, КІуэкІуэ Юрий кьыхигъэщащ Украинэм и Ипщэ-КъуэкІыпІэ лъэныкъуэм щыпсэуэхэм ядэІэпыкъуэ зэрыхуейр.

Ухуэныгъэ нэхъ инищыр - Сабий творчествэмкІэ уардэунэр, Перинатальнэ центрыр, Театрхэм я уардэунэр - зэреКІуэкІым тепсэлъыхьащ КъБР-м ЖКХ-мрэ ухуэныгъэмкІэ и министр Тутыкъу Анзор. Кьалэн щащІащ лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІымрэ абы и фІагъымрэ «махуэ къэс кІэлъыплъыныгъэм» щІагъэуэвэну.

Сабийхэмрэ щалэгъуалэмрэ я уардэунэр (Пионерхэм я уардэунэр), социальнэ, щэнхабзэ мыхьэнэ зиІэ нэгъуэщІ объект зыбжанэ зэгъэпэщыжынымрэ щелэжь предприятэ языныгъэхэм я ГъэсагъэнкІэ зэрыщІэкІыжьынымкІэ Іэмалхэр зэрагъэгъуэтыжынымкІэ, «къэгъэхъужын» хуей лэжьапІэ объектхэр инвестиразицэ щІыныр мазэ пІаныпм къриубыдэу зэфІагъэкІыу ахэр сэбэп хъаху къэгъэсэбэпынымкІэ унэтІыныгъэхэр зэхагъэуэвэну.

Гуманитар дэІэпыкъуныгъэу тонни 106-рэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ирашу Донецк кьалэм зэрыэрагъэхьам теухуа информацэм едэІуа неужь, КІуэкІуэ Юрий кьыхигъэщащ Украинэм и Ипщэ-КъуэкІыпІэ лъэныкъуэм щыпсэуэхэм ядэІэпыкъуэ зэрыхуейр.

Ухуэныгъэ нэхъ инищыр - Сабий творчествэмкІэ уардэунэр, Перинатальнэ центрыр, Театрхэм я уардэунэр - зэреКІуэкІым тепсэлъыхьащ КъБР-м ЖКХ-мрэ ухуэныгъэмкІэ и министр Тутыкъу Анзор. Кьалэн щащІащ лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІымрэ абы и фІагъымрэ «махуэ къэс кІэлъыплъыныгъэм» щІагъэуэвэну.

Сабийхэмрэ щалэгъуалэмрэ я уардэунэр (Пионерхэм я уардэунэр), социальнэ, щэнхабзэ мыхьэнэ зиІэ нэгъуэщІ объект зыбжанэ зэгъэпэщыжынымрэ щелэжь предприятэ языныгъэхэм я ГъэсагъэнкІэ зэрыщІэкІыжьынымкІэ Іэмалхэр зэрагъэгъуэтыжынымкІэ, «къэгъэхъужын» хуей лэжьапІэ объектхэр инвестиразицэ щІыныр мазэ пІаныпм къриубыдэу зэфІагъэкІыу ахэр сэбэп хъаху къэгъэсэбэпынымкІэ унэтІыныгъэхэр зэхагъэуэвэну.

ГуманитардэІэпыкъуныгъэу тонни 106-рэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ирашу Донецк кьалэм зэрыэрагъэхьам теухуа информацэм едэІуа неужь, КІуэкІуэ Юрий кьыхигъэщащ Украинэм и Ипщэ-КъуэкІыпІэ лъэныкъуэм щыпсэуэхэм ядэІэпыкъуэ зэрыхуейр.

Ухуэныгъэ нэхъ инищыр - Сабий творчествэмкІэ уардэунэр, Перинатальнэ центрыр, Театрхэм я уардэунэр - зэреКІуэкІым тепсэлъыхьащ КъБР-м ЖКХ-мрэ ухуэныгъэмкІэ и министр Тутыкъу Анзор. Кьалэн щащІащ лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІымрэ абы и фІагъымрэ «махуэ къэс кІэлъыплъыныгъэм» щІагъэуэвэну.

Сабийхэмрэ щалэгъуалэмрэ я уардэунэр (Пионерхэм я уардэунэр), социальнэ, щэнхабзэ мыхьэнэ зиІэ нэгъуэщІ объект зыбжанэ зэгъэпэщыжынымрэ щелэжь предприятэ языныгъэхэм я ГъэсагъэнкІэ зэрыщІэкІыжьынымкІэ Іэмалхэр зэрагъэгъуэтыжынымкІэ, «къэгъэхъужын» хуей лэжьапІэ объектхэр инвестиразицэ щІыныр мазэ пІаныпм къриубыдэу зэфІагъэкІыу ахэр сэбэп хъаху къэгъэсэбэпынымкІэ унэтІыныгъэхэр зэхагъэуэвэну.

Гуманитар д

Къулеигъэ мыкIуэщI

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Къумахуэ Мухъэдин апхуэдэу къыхигъэщхьэхукIащ 2015 гъэм Литературэм и иныэс Къэбэрдей-Балъкъар Республикэм щрагъэкIуэкIын папщIэ зэфIагъэкIынухэр зэрызэхалъхьар. Мурад нэхъыщхьэр хуэгъэзауэ щытынущ къэбэрдей, балъкъар литературэхэр хъумэным, абыхэм зегъэужьыным ехьэлIа Iуэхуэхэр къызэгъэпэщыным.

Абыхэм ящыщу нэхъыщхьэхэщ Къэбэрдей-Балъкъар Республикэм литературэмрэ гъуазджэмрэ я IэнатIэм Къэрал саугъэтхэр щатынымкIэ зэпеуэр къызэрагъэпэщыныр, литературэм и иныэкIуэхэм къэрал стипендиехэр етыныр, Къэбэрдей-Балъкъар Республикэм ТхакIуэхэм я союзыр зэрыщыдаIыгъыну грант щхьэхуэхэр гъэувыныр, Къэбэрдей-Балъкъар Республикэм щыщ тхакIуэхэм я Iэдакъэщ Iэкъ Iэхэр урысей, нэгъуэщI къэрал тхылъ щапIэхэм ирагъэшэн папщIэ урысыбзэкIэ, нэгъуэщIыбзэхэмкIэ зэрадзэкIыныр, ахэр КъБР-м, Урысей Федерацэм и нэгъуэщI щIыналъхэм я библиотекэ фондхэм хагъэхьэныр, дунейм ехыжа тхакIуэхэм я фешлъыр хъумэным теухуа лэжьыгъэ ираугъэкIуэкIыныр, литературэ творчествэр дэIыгъыным, абы зегъэужьыным хуэунэтIа урысейпсо щэнхабзэ-щIэнгъуазэ Iуэхуэхэр пхыгъэкIыныр, «Симфоние фантазиехэр» литературэ-макъамэ фестиваль ирагъэкIуэкIыныр, «Сурэт галерее: Къэбэрдей-Балъкъарым и тхакIуэ, усакIуэ цIэрыцIуэхэр» мультимедийнэ проектыр пхыгъэкIыныр, «Къэбэрдей-Балъкъарым и литературэ картэ» электрон гъэльэгъуэныгъэр къызэIуахыныр, урыс, лъэпкъ литературэм и классихэм я теуэуа выставкэхэр республикэм и музейхэм щагъэльэгъуэныр, нэгъуэщI куэдхэр.

«СтIол хъурейм» и зэIущIэм зыщытепсэлъыхь Iуэхум зэреплъ щIыкIэр жиIащ «Къэбэрдей-Балъкъар Республикэм и Къэрал лъэпкъ библиотекэу Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ» щэнхабзэ Iуэхущ Iапи Iэм и унафащI Емуз Анатолэ.

- Иджырей дунейр хъыбарегъащIэ-телекоммуникацэ технологиехэмкIэ гъэнщIа пэтми, дэ, библиотекэ лэжьакIуэхэм, къыдольытэ тхылъыр цIыхубэм зэхуихьса щIэныгъэ нэхъыщхьэхэм я хэкIыпIэу щытауэ, щыту икIи апхуэдэу къэнэжыну. Тхылъхэм дедгъэхьэхьжьнымкIи ди гугъаншIэхэр нэхъыбэу зэтхьэлIэр къытщIэхъуэ щIэблэрыр. Абы къыхэкIыу ныбжьыщIэхэм ядэлэжьаным дэ гулъытэшхуэ худощI. Апхуэдэ мурадкIи, псалъэм и хьэтыркIэ, къызэдгъэпащ «Тхылъым дунейр къызэIуех» программэр, - къыхигъэщхьэхукIащ къэпсалъэм.

Емуз Анатолэ жиIаxэм ятепщIыхьмэ, 2015 гъэм библиотекэм лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIынущ. Псалъэм и хьэтыркIэ, литературэ махуэгъэпсым тету урысей, нэгъуэщI къэрал, лъэпкъ тхакIуэхэм я юбилейхэр ягъэлъэпIэнущ. Тхылъым иIэ мыхьэнэр, абы и псэкупсэ лъапIэныгъэр щIыхуэхэм я деж нагъэсынымэ хуэгъэзащ «Литературэ хъугъуэфIыгъуэхэр» тхылъ выставкэ гъащIэрэщIар. Абы щагъэльэгъуэнущ КъБР-м и библиотекэ фондым и гъэтIылъыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэхэр.

АрщхьэкIэ зэфIагъэкIын хуей нэгъуэщI къаухэм куэдизэтрихьащ. Ахэр екъэлIащ тхылъ щащэ тыкуэнхэр нэхъ мащIэ зэрыхъуам, къэралымрэ республикэмрэ къыщыдэкI тхылъхэм щIыхуэхэр тэмэму зэрыщымыгъуазэм, библиотекэхэм ахъшэ къаузэремэщIэжкIым. Иужьрейм и Iэужьщ абыхэм я тхылъ фондхэм къыдэкIыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр ирикъуу зэрыхамыгъэхьэр, лъэпкъыбзэхэм я щIэр, апхуэдэу щыщыткIэ лъэпкъ литературэм и пщIэр зэрехуэхыр.

- Тхылъхэмрэ компьютерхэмрэ хухах мылькур псом япэу зыхуэгъэзар ди къэралым и интеллект лэщагъым зегъэужьныныр. Ди жагъуэ зэрыхъуэр, библиотекэхэм щIалъхьэ тхылъхэр 1990 гъэм къыщыпIэдзауэ хуэдипщIкIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Ауэ дэ дыщогугъ Литературэм и иныэсу ягъэува 2015 гъэм библиотекэхэмэ, зэрыщыту тхылъ къыдэгъкIын IэнатIэмэ я лэжьыгъэр хуабжьу къызэригъэдзэкIыну, - щIигъужащ Емуз Анатолэ.

КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкlэ, граждан жылагъуэм и IэнатIэхэм зегъэужьнынымкIэ, СМИ-хэмкIэ и комитетым, Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм Щэнхабзэмрэ СМИ-хэмкIэ и комитетымрэ комиссэмрэ Налшык къалэм мы Iуэхум теухуауэ щIыхухэм щеупщIащ республикэм и тхылъеджэхэм яхэлъ жыдэхэрагъыр, тхылъ еджэ щIыхум и «шыфэлIыфэр» къэхутэн мурадкIэ.

ЗэупщIахэм я процент 81-м жаIащ тхылъ еджэн зэрафIэфыр. Махуэ къэс процент 19-р, щIэхщIэхьыгъэ процент 55-р тхылъ ящIэ. Нэхъыбэми хуэдэу, ящэ ирагъэщIар тхылъыр къыдагъэкIахэрщ - процент 65-м ар хъухахащ. АрщхьэкIэ иджырей гаджетхэмкIэ, электрон IэмэпсымэхэмкIэ щIэныгъэ зэзыгъэтыну хуейхэми я бжыгъэм хохъуэ - процент 31-рэ. Республикэм и библиотекэхэм я Iуэхутхьебзэхэр щIэх-щIэхыур къагъэсебэп зэущIахэм я процент 11-м, ящыныкъуэхэм деж абы макIуэ процент 16-р. АрщхьэкIэ процент 28-р щыкIуэр зэхэмызэхэхэщ, процент 43-р кIуэхэхэрщ. ЦIыхуэхэм зэреугупщIам ипхуэдэу къигъэльэгъуащ къэбэрдей, балъкъар тхакIуэхэм я творчествэм дихьэххэр нэхъ мащIэ зэрыхъуар. Процент 65-р еджэхэрэкъым республикэм къыщыдэкI литературэ журналхэм, лъэпкъ тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ я Iэдакъэщ Iэкъ Iэм.

ЗэIущIэм куэдрэ щытепсэлъыхьа иужь къызэхуэсахэм - гъэзэщIакIуэ властым и республикэ органхэм, жылагъуэ зегъужьныгъэхэм, литературэ интеллигенцэм и лIыкIуэхэм, щэнхабзэм и Гуфэ Iуэхущ Iапи Iэм я унафэщIхэм, КъБР-м и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэм - я къэзыгъэльэхукIащ литературэр лъэпкъым и псэкупсэ зыужьныныгъэр къызэзыгъэпэщ, жылагъуэр зэкъуэзыгъэувэ мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэ IэнатIэу зэрыщытыр. Абы къыхэкIыу, Литературэм и иныэсу Урысейм щагъэувам и къалэн нэхъыщхьэщ цIыхуэхэр тхылъхэм еджэным дегъэхьэхьажьныр, Урысей, лъэпкъ литературэм нэхъри зегъэужьным щIэгъэкъуэн хуэхъуныр, ди проэзмрэ поэзиемрэ дунейпсо литературэ утыкум ихьэным щIэбэныныр.

А псори зрагъэхъуIэн папщIэ, зэIущIэм хэтхэм КъБР-м и Правительствэмрэ Щэнхабзэмкlэ и министерствэмрэ хэнджэщхэмкIэ зыхуагъэзащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.

● КъБР-м и Жылагъуэ палатэм

Къат куэду зэтет унэхэр зехьэным теухуауэ иджыри зэ

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм иджыблагъэ зэIущIэ щрагъэкIуэкIащ. Абы щытепсэлъыхьащ къат куэду зэтет унэу КъБР-м щыIэхэм псоми зэдай я мылькур къэпщытэжыным. Жылагъуэ палатэм и деж щыIэ «ПсэупIэ-комуналынэ Iуэхущ Iапи Iэм хуэгъэза жылагъуэ кIэлъыплъныныгъэмкIэ щыналъхъэ центрым» и унафэщI, экономикэ зыужьныныгъэхэмкIэ, бюджетымкIэ, налогхэмкIэ, финансхэмрэ хъэрычэт IуэхуэхэмкIэ комиссэм и Iэтащхьэ Мэзэло Руслан зэрыжиIамкIэ, Iуэхущ Iапи Iэм куэдрэ зыкъыхуэгъаза къат куэду зэтет унэхэр зехьэным и уасэр зэрат кватинцэхэр зэрэIэрыхьэм къыхэкIыу. Республикэм и цIыхуэхэр нэсу щыгъуазэкъым унэхэр зыхуей хуэгъэззэнымкIэ щыIэ хабзэхэм, «КъБР-м къат куэду зэтет унэхэр къыщыгъэщIэрэщIэжынымкIэ щIыналъэ оператор» фондыр къыззэрыуэхуар щIэхэхэркъым.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм къызэригъэпэщащ Iуэхум кIэлъыплъ лэжьакIуэ гуп. ЩIыналъэ операторым щIыпIэ самоуправленэхэм я лэжьакIуэхэм, къат куэду зэтет унэхэм щыпсэуэхэм, псэупIэ-уху кIуэ кооперативхэм семинархэмрэ зэIущIэхэмрэ ядригъэхIуэкI пэтми, къат куэду зэтет унэхэм щызекIуэ хабзэхэм, унэхэр зейхэм теухуауэ муниципалитетхэр хъыбар пэжым щыгъуазэкъым. Абы теухуа Iуэху зэIымыбзэхэр щыкуэдщ Налшык. Къат куэду зэтет унэхэр зыхуей хуэгъэзэным и Iуэхукlэ республикэ программэм хагъэхьакъым 93-нэ унэр. ЩIыпIэ самоуправленэхэм я Iуэхущ Iапи Iэхэр щыгъуазэкъым МКД-м щыщу я унафэм щIэт Iыхьэхэм, апхуэдэуи зыри зыщымыпсэу фэтэру унэхэм хэтхэр зейхэри ящIэркъым. Муниципальнэ унэхэм я бжыгъэ пэжыр ягъэнэIуэн папщIэ, унэхэм щыпсэухэм (приватизацэ зыщIахэми зымыщIахэми) квитанцхэр хуагъэхьын щIадзащ. Ар хабзэм къеззгъэкIыркъым, сыту жыпIэмэ, щыналъэ операторым квитанцэ зыхуагъэхьину хуитыр МКД-м зи мылъку къэпщытэжыным. Жылагъуэ палатэм и деж щыIэ «ПсэупIэ-комуналынэ Iуэхущ Iапи Iэм псоми зэдай я мылъкур къэпщытэжыным. Жылагъуэ палатэм и деж щыIэ «ПсэупIэ-комуналынэ Iуэхущ Iапи Iэм хуэгъэза жылагъуэ кIэлъыплъныныгъэмкIэ щыналъэ центрым» и унафэщI, экономикэ зыужьныныгъэхэмкIэ, бюджетымкIэ, налогхэмкIэ, финансхэмрэ хъэрычэт IуэхуэхэмкIэ комиссэм и Iэтащхьэ Мэзэло Руслан зэрыжиIамкIэ, Iуэхущ Iапи Iэм куэдрэ зыкъыхуэгъаза къат куэду зэтет унэхэр зехьэным и уасэр зэрат кватинцэхэр зэрэIэрыхьэм къыхэкIыу. Республикэм и цIыхуэхэр нэсу щыгъуазэкъым унэхэр зыхуей хуэгъэззэнымкIэ щыIэ хабзэхэм, «КъБР-м къат куэду зэтет унэхэр къыщыгъэщIэрэщIэжынымкIэ щыналъэ оператор» фондыр къыззэрыуэхуар щIэхэхэркъым.

Iуэхум теухуауэ я елплъыкIэр жаIащ КъБР-м ууэныгъэхэмрэ псэупIэ-комуналынэ хозяйствэмкIэ и министерствэм и къэрал Бэлагъы Борис, «КъБР-м къат куэду зэтет унэхэр къыщыгъэщIэрэщIэжынымкIэ щIыналъэ оператор» фондым и лэжьакIуэхэу Шыдакъ Ислъамрэ Къуэжей Муратрэ.

Iуэху зэфIэмыкъэхэр ягъэззэкIуэжыным, къат куэду зэтет унэхэр къэгъэзэрэщIэжынымкIэ набдзэгубдзапIэу кIэлъыплъныр щIэт палатэм и советым къищтащ властым и гъэззащIакIуэ органхэм, КъБР-м и прокуратурэм яхуэгъэза чэнджэщхэр.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и советым и зэIущIэм щытепсэлъыхьащ нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми. Апхуэдэщ школ автобусхэм я лэжьакIэм, республикэм щэнхабзэмкIэ и Iуэхущ Iапи Iэм технокэ и лъэныкъуэкIэ яIэ щытыкIэм теухуахэр.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.

● ЩIэныгъэ

Iуэху еплъыкIэщIэхэр

«Гукъэкъыжхэр зэманым я щхьэщ» фIэщыгъэм щIэту ирагъэкIуэкI урысейпсо зэхьэзэхуэм ехьулIэныгъэкIэ хэтащ Ахматовым и цIэр зэрихьэу Былым къуажэм дэт курыт еджапIэр.

ТЕКIУЭНЫГЪЭ Иныр илъэс 70 щIикъум ирихьелIэу Урысейм и педагогхэм я ассоциацэм и жэрдэмкIэ къыхалъхьа мы Iуэхум абыхэм щагъэльэгъуа проектыр екъэлIат унагъуэм щызекIуэн хуей хабзэфIхэм адэ-анэхэрэ, гъэсакIуэхэри, еджакIуэхэри зэгъусэу телэжьын зэрыхуейм.

Утыку ирахьа проектым зэгъусэу зэманкIэ елэжьащ школым и егъэджакIуэхэм я творческэ гупри зи гугъу тщIа адэ-анэхэри, СОШ-м и унафэщI Атакуевэ Нуржан и жьауэм щIэту.

ЩЭРЭДЖ Дисэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу 2015 гъэм гъатхэпэм и 31 пщIондэ «Къэббалъкъэнерго» ОАО-м и къудамэхэм токымкIэ щIыхуэр щызытыжахэм я деж щрагъэкIуэкIа зэпеуэм щытекIуахэр мэлыжьыхьым и 10-м ягъэльэпIащ. Гуфэгъуэ щыкIэм иту къызэрагъэпэща зэхьэхьэр щызэхэщащ зи гугъу тщIы Iуэхущ Iапи Iэм и хэщIапи Iэм.

● Электрокъару

Ток уасэр ети, саугъэт къэхьэху!

«ТОК уасэр и чэзум ети, саугъэт къэхьэху!» зыфIаща лотерее-зэхьэзэхуэр мазитIым щIигъукIэ екIуэкIащ. Абы и къызэгъэпэщакIуэ нэхъыщхьэу къуваущ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм хьэхэ хагъэгъуэмрэ Къалмыкъ Республикэмрэ электрокъарукIэ зэпымыууэ къызэгъэпэщыныкIэ щэсIипIэу къуэв «Урысейм и сетхэр» компаниер.

Тираж комиссэ щхьэхуитым и нэIэ щIэту, компьютер пхъэидзэкIэ «Къэбэлъкъэнерго» ОАО-м иригъэкIуэкIа зэпеуэм щызэхагъэкIащ республикэм и унагъуэхэм ящыщу мин 42-м нэблагъэм къагъэсэбэпа токым хуэзэр и чэзум зэрат щIыкIэр.

ТекIуахэр зэхэгъэкIыныр компьютерым и пщIэ ираугъэхьэри, абы къит жэуапхэм я къалэнхэр нэсу зэрамыгъэзащIэр. Псалъэм папщIэ, капремонтым и фондыр зэрауб зыхунум теухуауэ унэр зейхэм зэхуэс ящIыныр, псэупIэ кIэлъыплъныныгъэмкIэ къэрал Iуэхущ Iапи Iэм къат куэду зэтет унэхэм я щытыкIэм ехьэлIауэ хъыбар егъэщIэныр. Жылагъуэ лэжьакIуэхэм жаIащ УФ-мрэ КъБР-мрэ я законодательствэхэм къигъэув правовой актхэр властым къищтапхъэу.

Iуэхум теухуауэ я елплъыкIэр жаIащ КъБР-м ууэныгъэхэмрэ псэупIэ-комуналынэ хозяйствэмкIэ и министерствэ и къэрал Бэлагъы Борис, «КъБР-м къат куэду зэтет унэхэр къыщыгъэщIэрэщIэжынымкIэ щIыналъэ оператор» фондым и лэжьакIуэхэу Шыдакъ Ислъамрэ Къуэжей Муратрэ.

Iуэху зэфIэмыкъэхэр ягъэззэкIуэжыным, къат куэду зэтет унэхэр къэгъэзэрэщIэжынымкIэ набдзэгубдзапIэу кIэлъыплъныр щIэт палатэм и советым къищтащ властым и гъэззащIакIуэ органхэм, КъБР-м и прокуратурэм яхуэгъэза чэнджэщхэр.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и советым и зэIущIэм щытепсэлъыхьащ нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми. Апхуэдэщ школ автобусхэм я лэжьакIэм, республикэм щэнхабзэмкIэ и Iуэхущ Iапи Iэм технокэ и лъэныкъуэкIэ яIэ щытыкIэм теухуахэр.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.

● ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 щIикъум ирихьелIэу

Зауэм хисхьа сабиигъуэ

Хэку зауэшхуэр къыщыхъеи гъэр гум игъэхугъуэщI. Абы щыгъуэ етхуанэ классыр къэзухауэ, гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэти, махуэ псом зэныбжьхьэгъу цIыкIуэр псым дыхэст. Мазым дыкIуэурэ яму, андзгурэ, шэгъэфIэIу къэтхьырти, дэ нэхърэ нэхъ цIыкIуэм ягъэзгуэшырт.

Апхуэдэурэ зы мазэ хуэдизэ дэкIаущ, цIыхуэм къалэрыхьэу щIадзащ зауэм хэкIуэдахэм я хъыбар. Хьыджэбзхэм жаIэу пщыхьэщхьэкIэрэ зэхэтхыу щыта лъагъуныгъэ уэрэдхэмрэ пшынальэ жьгъыруэхэмрэ я пIэкIэ, къуажэм щызэхэпхыр зи Iыхьлы зыфIэкIуэда цIыхубзхэмрэ сабийхэмрэ я гъы макъырт. Дунейр хуабэ, дыгъэпс щхьэкIэ, а гъы макъэм къыпфIагъэщIырт уэшх кьешынку пшэфIыцIэ уафэм къыщхьэщыхьауэ. Мис апхуэдэ зы махуэ нэщхъеягъуэ гъэрым зи ныбжьыр илэс 12-13 фIэкIа мыхъуа щIалэ цIыкIуэр школым дыщызэхуашэри, МТС-м и унафэщI Шкlахъуэ Хьэмид, колхозым и Iэтащхьэ Мэржэхъу Уэлий, школым и директор Хьэтэ Токъан сымэ ди къэкIуэнум и унафэр ящIащ. Ахэр дунейм къыщекIуэкIым, Гитлер ди Курэсым къызэрытеуам чэзууэ кIэщIу тепсэльыхьри, къыджаIащ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр иухыху трактор бригадэхэм дадэлэпкъым хуейиу.

Зы мазэ хуэдизкIэ пхъэIэщщм сытесауэ, зззэмызэ сытрагъэтIысхьэуэрэ тракторри зезгъэкIуэф сыхъуащ. Сызигъусэ трактористыр зауэм зэрашэу, ар зытесам сытрагъэтIысхьащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ илъэс 12 фIэкIа сымыхъуэу тракторист сащIри, балигъхэм ящхьэ зауэ гуащIэм и хьэзабыр сэри къыстегъэзэлъхьащ. ЩIыр щтамэ, жэщи махуи дывэрт, гъэмахуэ хуэмэ, хэтсэрт, Iутхыжьырт, тIуэжьырти, гъавэр фронтым едгъашэрт.

Зэгуэрым бжьыхьэ щIыIэу Джэдыкъуэпсэрэ Бахъсэныш-хуэрэ я зэхуакум дыщывэзу, си гъусэ щIалэ цIыкIуитым я Iыхьэр нэхъ пасэу вэн яухати, ззэмыгъажьэу къэзутIыпщIыжащ. Ауэ абы иужькIэ хуабжьу дыхущIегъуэжауэ щытащ. Си хьэсэр вэн сыхуэку зэщIэскъуэжьхэу кIыфI хъуати, Джэдыкъуэпсым и зэпрыкIыжьпIэр згъэгъуащэри, архуэнэм срихьащ. Псыр къыщIэуэри тракторыр сфIэункIыфIащ. Бжьыхьэпс щIыIэм сыхэту зыкъомрэ селIэпIа иужькIэ, тракторыр къэзгъанэри километрищ зыдэлъ къуажэм сыкIуэжьну лъэсу сежьэжащ. Псыф хъуа си щIгъыныр сынэсыжьыху апхуэдизкIэ дияти, кьэнжал фIэкIа пщIэнтэкъым. Жэщыбг хъуаэу сынэсыкъри, сымышхэфу сигъуэлъхьажауэ щытащ. ЕтIуанэ махуэм си тракторыр псым къыхэтIэфыжри, нэгъуэщI хьэсэ дыIэпхъэщащ.

Зззэмызэхэщ лы хэлъу дыщагъашхэу щытар. Ари зэ дзэкъэгъуэ мыхъун жьIпIэну. Зы пщыдджыжь гъэрым ягъэIуащ лы хэлъу щэджагъуашхэ къытхуашэну. Ар щIыззэхихьым, гушыIыэрейуэ Iьостэн щIалэр кьытхэти, къьжьдзащ нобэ ди щэджагъуашхэм хэлъыну фи лы Iыхьэхэр къызэфтмэ, зы кьитхъ мётритхукIэ дзапэкIэ слъэфынщ, жиIэри. ХузэфIэмыкIын я гуГэри, псори арзэыуэ баз зэпихьащ. Iьостэн кьигъэуващ, дызэреплъынум щхьэкIэ, дэ сабийхэм ди Iыхьэри еттын хуейуэ. Арати Iьостэн дзэкIэ кьитхъыр ирильъфажьэри жьхуиIам хуэдизкIэ ильъфащ. Я лы Iыхьэ тIэкIур ямыгъэкIуэдыну нэхъыжьхэр куэдрэ зэныкъэжьхуащ, ауэ дауэ хъуми, тфIихьащ. Арати ишхынр ишха иужькIэ, «уэлэхьи иджьри апхуэдизэ сшхынтэмэ», жиIэри Iьостэн кьэтэджьащ. Мыдрейхэмри «ди лыр ишхащ Iьостэн», жаIа мыхъумэ, кьыфIагъэкIакъым. Апхуэдэ гушыIэкIэ ди мэжэлIэнри, ди ешари щытедгъэу куэдрэ кьэхъуащ.

Нэмыцэжэр ди кьуажэм щыдгъахьа гъатхэр уэлбанэрилэт. Ди техникэр зэхуэтхьэсыжу лэжьыгъэм хуэдгъэхьэзырыху дыгъэпси кьэхъужщ, щIыри гуущIыри, губгъуэм ди дыхьэжащ. Сэ кьыслтыуса хьэсэр зауэшхуэ щекIуэкIа Джэдыкъуэ Iуфэти, сывэну сыкIуащ. Дзапэ уэрэд тIэкIуи жьисIэу хьэсэм тIорэ-щэрэ секIуэкIа иужькIэ, зыгуэр ину къуэуащ. Абы фIэкI зыри сщIэжыркъым. ЗыкъэсщIэжа иужькIэ гъыуэрэ ди анэм жьэжьитэжащ уи щхьэри уи нэкIри апхуэдизкIэ лъым зэщIищтати, упсэууэ си гугъаскъым, - жиIэри.

КъызэIэзар а зым фIэкIа Альтуд къуажэшхуэм дэмысу, и унэцIэм фIэкIа и цIэр зыми ямыщIэу Николенкэкlэ зэджэ дохутырыр. Ар си дежь махуэм тIэу къакIуэрэ лъыр илъэщIу, зыгуэр ящIыхуэрэ ипхэжу къызэIэзэрт. Абы щыгъуэ сэ зыри зэхэсхьртэжьым, си тхьэкIумитIыр ву мыхъумэ. НэхъыфI сыхъуа иужькIэ зэ фIэкIа махуэм къэмыкIуэж хъуащ. TIэкIу-тIэкIуэрэ зэхэсхи сыхъужащ. Николенкэ къэкIуэжкIэ си гур фIы схуищIырт «шьнагъуэ щIыбжьым, си щIалэ цIыкIу, дыркъуэм щIыжьр ергъэбжьыбгъэ, лIым дыркъуэ темылъмэ, ар лIы сытми», - жиIэурэ. Мазищ дэкIри, си щхьэр мыхъужьпауэ, лэжьакIуэ сыдэкIыжа иужь сагъэльагъужа си пхъэIэщэмрэ къытхъыимрэ мыхъужьну зэхэIуэнтIат. Шэрхьэм телъ къэнжалыр щIыпIитIкIэ пхыуда мыхъумэ, си трактором зыри къыщыщIатэкъым. Абы щыгъуэ хэуэар зищIысыр лагъымрэ топышэрэ зыми тщIортэжьым. Зауэшхуэр зэрекIуэкIа илъэсиплIым балигъхэм дакъыкIэрымыкуэ, жэщ-махуэ жьдмыIэу, дэ сабийхэри текIуэныгъэм дыщIэбэнащ.

Сыхуейт фIыкIэ сигу къэзгъэкIыжыну зауэр щекIуэкIа илъэсхэм гугъуехьри, мэжэлIэнри, щIыIэри, хуабэри зыдэсшэча щIалэ цIыкIуэху ЛIуп Токъан, Дзщ Зубанил, Къэжэрхэ Асльэнрэ Хьэтэмрэ, Хъэдыгъу Хьэсэн (Къарэ), илъэси 10 фIэкIа мыхъуу дагъэгъэзынымрэ шхынымрэ шыгукIэ кьэтхузэшышэу щыта Къэжэр МуIэед сымэ.

Зауэр уевIа щхьэкIэ си псэныгъэм теухуа бэнэныгъэр иужькIэ зыкъомрэ екIуэкIащ. ТекIуэныгъэр къэтхьри мазитI дэкIа иужь, си «гущIышыр» губгъуэм къизнэри, Джэдыкъуэрэ Бахъсэншхуэрэ сыкъызэрпысыкIащ икIи зыми имышIэу 1945 гъэм и пщыхьэщIым щэкIуэ насыпI лъыхъуэ Налшык лъэсу сыкъэкIуащ. Мэкъумэщым техникымкIи езджну кIуэхэм я спискэр зэхэзыгъэувэ цIыхубзым сыбгъэдыхьэу сэри сахитэжну сыщIельэIум, «тхьалъ умышIыгъмэ, гъази кIуэж», зэран укъыскъэмыхьуу, жиIэри сыкъыIуихужащ.

Iэмалынщагъэм кьыхэкIыу къэзгъаза эчынутэжьыми, директоремэ си Iуэхур зытетыр жесIащ. Зыхуеину тхылъымпIэхэр иужькIэ сэкъыжьну къэзгъэгугъри, экзаменэ зытынуэхэм сахриГэтхащ. Псорри зэфIэкIа иужькIэ техникумым щызэрыщIэтIысхьам и щыхьэт тхылъыр кьеIыхэри къуажэм зэгъэзэжащ. АрщхьэкIэ сызэрынэсыжу, сапхъуатэри сагъэтIысащ.

ЕтIуанэ махуэм судым сыдащэм, сигу ислъхьащ, и нэ нэмысауэ техникумым кьыщIэзата тхылъыр зыми езмыгъэльагъуну. Прокурорым суд пащхьэм ирильъхащ къэрал мылъкур (тракторыр) губгъуэм ездзэу дизертиру сежьэжауэ, сыздэщIыр зыщIыжьу махуэ тIощIкIэ сыхьэулеяуэ. Зауэ зэманым щыIэ хабзэхэмкIэ илъэси 5 тутнакъыу къэзлэжьырт. Эчыльир кьысщхьэщыжьащ икIи судыщIэм лъэIукIэ зыхуигъэзащ, щIалагъэм кьыхэкIыу кьыисIэщIэщIа Iуэхур кьысоуагъэгъуэ сутыпщыжьыну. Абдежщ си дэфтэрэцIр кьызэжъэсхьэу я пащхьэм щIисльэкар. Ар щалъагъэм, модрейхэми сыт ящIэжьынт, сыкъауатIыпщыжащ, «иджыри къэс ар щхьэ къыдджмыIарэ-тIэ» жаIэри.

Техникумым и япэ курсыр къэзуха къудейуэ, тхылъ тедзапIэм корректор лэжьыгъэр кьыщыскъуагъэльагъуащ, «дэIэпыкъуэгъэнышэщ, лажьэурэ ещанэщ», жьхуаIэу. Абы илъэсиплIкIэ сыщылэжьащ, егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр Къэбэрдей курсыр институтым 1950 гъэм сыщIэтIысхьэри, «Къэбэрдей пэж» гъазетым щыта лэжьакIуэу (ревизионнэ корректору) сыуваш.

Еджанэр къэзуха иужькIэ литсотрудникиу редакцэм сыкъагъэнэжри сыщылэжьащ. ИужькIэ радиом зэдзэкIакIуэу, хъыбарыщIэхэмкIэ редактор нэхъыщхьэу, корреспондентуу илъэс 12-кIэ щылэжьащ. Телевидениэм корреспонденту илъэс 28-рэ щесхьэкIащ.

КЪУМЫКЪУ Хьэутий.

● Зэ IущIэхэр

Арэзы къещI

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зэзыгъэкIуж судыщIэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщыныкIэ къулыкъущIапIэм и деж щыIэ Жылагъуэ советым и зэIущIэ екIуэкIащ. Абы щыхэплащ 2014 гъэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм къирикIуэжмэ мы илъэсым къыщыдэкIа къалэнхэмэ.

ЗэIущIэм хэтащ икIи КъБР-м и зэзыгъэкIуж судыщIэхэм 2014 гъэм зэфIагъэкIа лэжьыгъэм тепсэлъыхьащ КъБР-м и Суд нэхъыщхьэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Ташу Мухьэмэд.

Къулыкъущ Iапи Iэм и Iэтащхьэ Машыкъуэ Хьэчим къыхигъэщхьэхукIащ 2014 гъэм екъэлIауэ яубзыхуэ Iуэху нэхъыщхьэхэр кьанэ щIагъуэ щымыIэу зэрызэфIагъэкIар, арщхьэкIэ КъБР-м и зэзыгъэкIуж судыщIэхэр зыхуей хуэгъэззэным, ахъшэ зэрылажьэну ахъшэхэмкIэ къызэгъэпэщыным егъэщIыIа Iуэхуэхэр иджыри зэрыщыIэр.

Машыкъуэ Хьэчим жиIащ а къалэнхэр зэфIэгъэкIын и лъэныкъуэкIэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий сыт и лъэныкъуэкIи кьаазэрыдэIэпыкъунур.

Апхуэдэу къызэхуэсахэр едэIуащ 2014 гъэм зэфIагъэкIа лэжьыгъэм теухуауэ къулыкъущIапIэм и къудамэхэм я унафэщIхэм жаIахэм. Псом хуэмыдэу гулъытэ щхьэхуэ хуащI я деж коррупцэр щызэмыгъэкIуэным ехьэлIа Iуэхуэхэм. Къулыкъущ Iапи Iэм и унафэщIым советым фIыщIэшхуэ хуищIащ хуабжьу къаззрыдэIэпыкъуэм къыхэкIыу.

Къулыкъущ Iапи Iэм и деж щыIэ Жылагъуэ советым и унафэщI Багъэтыр А. зэIущIэм къирикIуахэр щызэхилъхьэжьм къыхигъэщхьэхукIащ 2014 гъэм абы зэфIигъэкIа лэжьыгъэм арэзы зэририщIы.

ЦЕКЪУ ПIатI.

Ток уасэр ети, саугъэт къэхьэху!

тираж комиссэ щхьэхуитри хэплъэжащ. Къыздэсыгъ Iутыщ электрокъарур зэрымыпщIэнщэр къызыгурыIуэу абы и уасэр и чэзум тыжьнымкIэ жэуаплныгъэ нэс къызэгъэльэгъуахэм ящыщу, псом нэхъ пажэу къальата унагъуи 10-м саугъэт ПIапIэхэр хуагъэфэщащ.

Лотерее джэгум япэ увыпIэр къыщихьащ Налшык дэс Дыщэкl Тамарэ. Абы тыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр: «Samsung Smart TV» ЖК телевизорыр хуагъэфэщащ. ЕтIуанэ хъуащ Лэскэн щIыналъэм хьэхэ Урыху кьуажэм щыщ Бэратэ Хьэчим. Абы кьихьащ «Samsung Galaxy S3» смартфоныр. Ещанэ, еплIанэ зэхьэзэхуэм къы-щыхэжаныкIахэу нарт-кьалэдзэ Швец Светланэрэ Налшык щыщ Куэшей Мухьэмэдрэ «Samsung» микроволновкэ хьэку зырызыр ялъысащ. Етхуанэ, еханэ зэпеуэм щытекIуахэу Прохладнэ районым хьэхьэ Советскэ къуажэм дэс Ридный Николайрэ Псыкlэху щыпсэу Чабдаров Жанболэтрэ «PHILIPS» мультиваркэхэр ираташ. Ебланэ, еянэ увыпIэхэр зыхуагъэфэщахэу Тэрч къалэ щыщ Лыкъужь Заурбийрэ Iуащхьэмахуэ щIыналъэм хиубыдэ Гундэлэн къуажэм щыпсэу Ченов Мухьтарэрэ «Samsung» сабэщIыпIзы- ры яIэрыхьащ. Апхуэдэу «PHILIPS» ету екIуэхэм я насыпI хэлъу къыщIэкIащ иужьрей увыпIитIыр къэзыхьахэу Бахъсэн хиубыдэ Кременчуг-Константиновскэ къуажэм щыщ Цыгипэ Евгенийрэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Электрокъару

● Щэнlуатэ

Нало Заур и Іэужь

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым щекlуэкlащ «Кавказым ис лъэпкъхэм я щэнхабзэмрэ литературэмрэ цlыхугъэр къызэрыхэщыр» щынаплъэ зэхуакlу щlэныгъэ конференц. Ар трауугат КъБР-м и цlыхубз тхакlуэ, щlэныгъэлl Нало Заур. Щlэнlуатэм къырихьэлащ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я лlыкlыуэхэр, щlэныгъэлlхэр, тхыдэджхэр, жылагъуэ лэжьакlуэхэр, студентхэр. Нало Заур и благъэ-Іыхьлыхэр, и ныбжьэгъуу щытахэр. Хэтащ ди къуэш республикэхэм ськlа ухэщlэхэри.

ЗЭIУЩIЭР къызэlуихащ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и унафэщl **Дзэмыхь Къасболэт**.

- Институтым щрагъэкlыжьыгъэ лэжьыгъэхэм нобэрей ди Іуэхур зытедухуа лlы Іущым и гуащlэшхуэ хэлъщ, - жиlащ абы. - Псалъэм папщlэ, Іуэрыlуатэм дыкъытеувыlэмэ, Нало Заур, абы хуэдэ цlыху щэджащэхэу Къардэнгъущl Зырамыкъу, Шортэн Аскэрбий сымэ зэхуахьэсыжахэр нобэ ди тегъэщlапlэщ. 2012 гъэм щегъажьауэ республикэм щыlэщ Нало Заур и щlэинхэм елэжь къыззэгъэщакlуэ комитет. Абы хэтщ ди институтым и лэжьакlуэхэр. Си гугъэщ нобэрей ди Іуэхур комитетым и лэжьыгъэ нэхъ купщафlэхэм ящыщ хъуну, абы иджыри куэдрэ къытедгъэззэну.

Нало Заур щlэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ хуищlа хэлъхьэныгъэм дыщытепсэлъыхькlэ, дэ зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым республикэр псэзэпылъхьапlэ щихуа махуэхэм абы къигъэлъегъуа лlыхъужьыгъэр. А лъэхъэнэм жылагъуэ Іуэхум Налом хуэдэ цlыху пэрымытамэ, абы теухуауэ ди тхыдэм нэгъуэщl къэгъэшыпlэхэр иlэну къыщlэкlынут. Къызыхэкlа лъэпкъыр, Хэкур, республикэр фlыуэ зыльгаГу лlы губзыгъэм жылагъуэ зэгурыlуэныгъэр хэзэригъэпэщын хузэфlэкlат, - жиlащ Дзэмыхь Къасболэт.

Парламентым и депутат **Азьчэ Светланэ** диlыигъащ Нало Заур теухуа пшыхьэр, конференцхэр щlэх-щlэхьурэ егъэкlуэкlын зэрыхуейр. Сыту жыпlэмэ, ар сэбэн хъунущ ди блэкlам и напэкlыуэ щхьэхуэхэм щlэблэр щыгъэгъуэзэныжькlэ.

- Мы конференцым къитlасэр литературэ лэжьыгъэ къудейкlым, атlэ мыр икlи жылагъуэ, политикэ мыхьэнэ зиlэ Іуэхушхуэщ. Іуэрыlуатэм и зэхуэх

Журналист-зауэлІхэм я щІыхькІэ

● Фэеплъ

ТекІуэныгъэ Иныр мы гъэм илъэс 70 зэрырикъум ехьэлІауэ дерс щхьэпэхэр щрагъэкІуэкІ «Акулы пера» еджапІэм. Нэхъыжьхэр нэхъыщІэхэм яхутопсэлъыхьх Хэку зауэшхэм хэкІуэда ди журналист пажэхэм.

ЯПЭ зэхьхьэр теухуат «Заман», «Социалист Къабарты-Малкъар» газетхэм щылэжьа Гуртуев СультІанбэч. Іэхум зыкъраГъэхьэлІащ ебын и къуэ, усакІуэ цІэрыІуэ Сэлихьэ и къуэрылъху, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Расулрэ.

«КъБР-м щыщ журналист 26-рэ Хэку зауэшхэм къыМыкІыжауэ ятхащ. Арщхьэкіэ а бжыгъэр ипэжыпІэкІэ иджыри зэхаГъэкІакъым. Ди ужь итхэм дыфщогугъ 1941 - 1945 гъэхэм хъыбарыншэу кІуэда ди журналистхэм ятеухуа дэфтэрхэр къэвГъуэтыжыну», - захуигъэзащ журналист ныбжьыщІэхэм КъБР-м и Журналистхэм я зэгурыэныгъэм и тхьэмадэ МэзыхьэБорис.

Гуртуев Сэлихь тепсэлъыхьащ совет журналистхэм Іыхьхъужьныгъэу зэраухам, я Хэкум ахэр зэрыхуэпэжам. Усакіуэм «Ребенок греется у Вечного огня» и тхылъыр зэхьхьэм кърихьэлІахэм тыгъэ яхуиІэри, кьыхигъэщащ а лэжьыгъэр урысыбзэкІи балъкъарыбзэкІи кьэзырыдзэкІар, и адэми Хэку зауэшхэм хэта псоми я фэеплъу ар зэрыщытыр.

«Акулы пера» еджапІэм иджыри мыпхуэдэ зэІуІэ зыбжанэ щрагъэкІуэкІыну я мурадщ.

КъБР-м Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и пресс-Іуэхущ Іапі эр.

● Тхьлъыщ Іэ

«Кавказым и къуалэбзухэр»

Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхьилъ тедзапІэм къыщыдэкІащ Журт Хьэсэн и Іэдагъэщ Іэкі гъэщ Іэгъуэн.

ТХЬИЛЪЫР, зэрыгурыІуэгъуэщ, кавказ щІынальэм узыщІихьэлІэ къуалэбзу лІэужьыгъуэхэм ятеухуащ. Къызэрыщ Іэкіымкіэ, мы зэманым абыхэм я бжыгъэр 150-м ноблагъэ. Журт Хьэсэн зэманыш хуэкІэ иужь итащ ахэр зэхуэхьэсыным. Мыбдежьым авторым къимыльытэу къэнакъым лъэхъэнэ зэмылІэужьыгъуэхэм бзу щхьэхуэхэр зэрыдзэкІуэдари, иужьрей илъэсхэм ди щІынальэм исхэм щІэуэ кьахъхуэхэри. Тхьилъым купщІэ хуэхъуар Кавказым и дуней щытыкІэм елъыта езым и геноФонд зэриІэмрэ абы иГъуэта зэхъуэкІыныгъэхэмрэщ.

Журт Хьэсэн и мурадщ Кавказым и удзхэм ятеухуа тхьилъи кьыдигъэкІыну.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Щ Іэныгъэ

Сабийхэм ядолажьэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и эколого-биологие центрым щІэныгъэм хэтчэ яПэ лъэбакъуэхэр» зыфІаща еплІанэ республикэпсо зэпеуэхэр.

3-4-нэ классхэм щеджэ щІыкІуэхм папщІэ къызэрагъэпэща мы Іуэхум унэтІыныгъэ зыбжанэ иІэщ: «ЩІыуэпс», «Іуэхущ Іафэ дахэхэр», «Мобильнэ технологиехэр»... Зэпеуэм и кьалэн нэхъыщхьэр ди сабийхэр дыкъзэшыухъуреихь дунейр, абы тет псэущхьэхэр фІыуэ яІъагъуу, абыхэм ней къызэрыграмыгъэхьэнур ящІэу къэгъэтэджыныр. АбыкІэ дэІэпыкъуэгъуэщІэ къэхуохъу иджырей мобильнэ технологиехэр: цІыкІуэхэм езыхэм я Интернет напэкІуэцІхэр къызэІуахри, я Іуэху еплъыкІэхэмкІэ, я Іуэхущ Іафэхэмкіэ эдэгугъэшэ. Къыхэгъэщыпхъэщ, мы зэпеуэм хэтыну гупыж зыщІа сабийхэм я дэтхэнэми яфІэфІу зыкІэлъыплъ псэущхьэ цІыкІуэхэр зэраІэр. «ЩІэныгъэм хэтчэ яПэу лъэбакъуэхэм» я фІыгъэкІэ дызытет дунейр къабзэу, зэІуэзэпщу къумэныр кьалэну зи пщэ дзэзыльхьэжа цІыкІуэхэм я сайтхэр кьагъэсэбэпкІэрэ, цІыхухэр щІыуэпсым кІэлъыплъыным ІыхъураджэщІ, щІыуэпсымрэ псэущхьэхэмрэ ятеухуэу чэнджащІ цІыхэпэхэр ират, зыщІымыгъуэза куэд къащІэ.

Центрым и щІэныгъэлІхэм я мурадщ сабийхэм фІыр, мамырыгъэр, гулъытэмрэ гущІэгъуэмрэ яхэзыпщэ апхуэдэ лэжьыгъэхэм адэкІи ращІэщ.

НАРТОКЪУЭ Бабцинэ.

● Щэнхабзэ

ЕгъэджакІуэхэм я щапхъэ

кІэ и къудамэм щезыгъаджэхэми.

«Сабийхэм зыхащІэн хуейц Іэзыхэм я егъэджакІуэхэм я зэфІэкІыр, я Іэзагъэр здынэсыр, а Іэмэпсымэхэм я еуэкІэр. Сыту жыпІэмэ, егъэджакІуэмрэ абы и гъэсэнхэмрэ яку дэлъ зэхущытыкІэм куэдкІэ елъытащ макъамэм сабийм и гущІэм къыщІэхъуэщ гурыгъу-гурыщІэхэр. Абы пащІэ егъэджакІуэм и джэгукІэм щыкІуэр дихьэхын хуейц, - кьыхихъуэщащ музыкэ еджапІэм и унафэщІ Хьэлупэ Маритэ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Я хьэрхуэрэгъур дыдейхэм яфІэІэфІыпст

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Іэфлыпс» (ІэфІыпс) - 3:1 (1:1). Налшык. «Спартак» стадион. Мэлыжьыхьым и 9-м. ЦІыху 300 еплъащ.

Судьяхэр Недвижай, Иванников (тІури Ставрополь щыщІ), Касабиев (Владикавказ).

«Спартак-Налшык»: Городовой, Васильев, Гузь, Дашаев, Каркаев, Къуэн 3. (Къуэн А., 68), Ахриев (Огурцов, 46), Дыщэкі (Крыжевских, 86), Семенов (Алаев, 82), Гуэщокъуэ (Бажэ, 76), Гугуев.

«ІэфІыпс»: Шамрин, Ижик, Микадзе, Хибабэ (Юдин, 50), Ридель, Правилэ, Перов, Белов (Былров, 62), Мамонов (Морозов, 81), Маслевский, Крылов (Поликутин, 70).

Топхэр дагъэкІащ: Мамоновым, 8 (0:1). Васильевым, 9 (1:1). Гуэщокъуэм, 47 (2:1). Къуэн З., 59 (3:1).

Дагъуэ хуащІащ: Маслевский, Правилэ.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым кІэух зэхьэзэхуэм хьихьэ зэІуІэ-хэм щыщІадзащ. Абы ипкъ иткІэ, «Спартак-Налшыкым» япэу хьэрхуэрэгъу къыхуэхъуар Краснодар крайм хьихьэ Іэфлыпс жылагъуэм и щІыпІэ командэрат.

Къэбэрдей-Балъкъэрым фІыуэ къыщащІыху Есыгу Сэфарбий гуп хьарзынэ къьэзыригъэпэщауэ къыщІэкІащ. «ІэфІыпсым» щыджэгуэхэр игъэпІейтекъым илъэс зытІуці и пэкІэ премьер-лигэм хэта «Спартак-Налшыкыр» къаэзрыпэщІэтым. Уеблэмэ, абы нэхъ тригъэгушхуэу къыпщыхъурт. Армырамэ, дауэ къызэрыбгурыІуэнур еянэ дакъикъым хьэщІэхэм бжыгъэр къызэрызэІуахар.

Хэгъэрейхэм я губжьыр гуащІэт. КъькІэлъыкІуэ дакъикъэм абыхэм я хьэрхуэрэгъуэхэр хагъэщІэжащ. Адэкіэ зыр адрейм хуэсакъыпэуэ рэ зыгъэпсэхугъуэ зэманыр хъэсащ. Абы иужькІэщ Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр къыщІэхъуар.

КІыпэщІэхуэхэр хигуэну хьэзыру «Спартак-Налшыкыр» джэгуПІэ губгъуэм къихьэжащ. Псом хуэмыдау ІэубыдыпІэншэт Къуэн Заурбэч. ЕтІуанэ Іыхьэм и яПэ дакъикъэхэм ар я хьэрхуэрэгъу зытІущым яІэщІэкІри, гъуэм лъэщу еуащ. Хэгъэрейхэм абы зыгуэрурэ къраГъэтэзащ, ауэ Гуэщокъуэ Арсен щыкІэпІыуэжьым зыри яхуещІакъым.

ЯПэ зэрищам хэгъэрейхэр нэхъри тригъэгушхуащ. Куэд дэкІатэкъым Къуэн Заурбэч аргуэру къыщыхэжаныкІам. Абы щхьэкІэ дигъэкІа топыр дахэ дыдэ хъуащ икІи хьэрхуэрэгъуэм я гъуащхьэтетыр зыкІи зыпэмыльэщынт.

3:1-уэ яПэ зэрищам къыбгуригъаІуэрт «Спартак-Налшыкым» текІуэныгъэр фІырыфІкІэ зэрызыІэщІмыгъэзкІынур. Ар зыхащІэри, ди тренерхэм топхэр дзэзгъэкІа Гуэщокъуэ Арсенрэ Къуэн Заурбэчрэ яхъэжащ. Абыхэм нэхъ пасэу загъэпсэхуну, дауи, кьалэжьат.

ЕтІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым и кІэух зэІуІэщІэхэр щІэздзэным и пэ махуэм Волгоград и «Ротор» командэр зэхьэзэхуэм хэкІыжащ, адэкІэ мылъкукІэ зэрыпэмыльэщыжым къыхэкІыу. Абы и пІэкІэ икІэщІыпІэкІэ Нэзрэн и «Ангушт»-р яПэ дивизионым щІэбэныну гупым хагъэхьащ. Ар ди дежкІэ щІагъуэщэкъым. Сыту жыІэмэ зэхьэзэхуэм и яПэ Іыхьэм тІэунейрэ налшыкдэсхэм хагъэщІа «Ротор»-м адэкІэ щыІэну зэпеуэм очкоих щытхъухигъэхъуатэмэ, зэ фІэкІа зытемыкІуэ «Ангушт»-м къахуихьар абы и ныкъэращ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщІыну етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» зонэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм щызэхэта дзэгъуэм къыриІуэ бжыгъэхэм: **«Таганрог»** (Таганрог) - **«Черноморец»** (Новороссийск) - **1:1**, **«Витязь»** (Крымск) - **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **3:0**, **МИТОС** (Новочеркасск) - **«Торпедо»** (Армавир) - **0:1**, **«Динамо-ГТС»** (Ставрополь) - **«Биолог-Новокубанск»** (Новокубанск) - **2:0**, **«Мэшыкъуэ-КМВ»** (Псыхуабэ) - **«Дружба»** (МейкЫуапэ) - **0:1**.

КъыкІэлъыкІуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» текІуэныгъэр фІырыфІкІэ зэрызыІэщІмыгъэзкІынур. Ар зыхащІэри, ди тренерхэм топхэр дзэзгъэкІа Гуэщокъуэ Арсенрэ Къуэн Заурбэчрэ яхъэжащ. Абыхэм нэхъ пасэу загъэпсэхуну, дауи, кьалэжьат.

ЕтІуанэ дивизионым и гъэщІамкІэ, цІыкІуэхэм я зэфІэкІ щагъэунэхуа Сочэ кьалэм кІуэнымкІэ адэ-анэхэр мылъкукІэ кьадэІэпыкъуащ.

Хуэдэ щымыІэу уэрэджыкІуэ ныбжьыщІэхэм ягъэзэщІащ къэзыуэрееихь дунейм, сабиигъуэм ятеухуа уэрэджэр.

Гуп зэпеуэм зэрыщытекІуэхэм я мызакъуэу, «соло» унэтІыныгъэмкІэ фІым я фІыжу зыкъыгъэльэгъуащ уэрэджыкІыкІуэ Гетман Анастасие.

«Колибри» ансамблым ТекІуэныгъэ Иныр ди къэралым щагъэльэпІэну махуэм егупуу зыхуэгъэхьэзыр.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Зэрытемыгъакіуэ щыІэкъым

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и мыгъэрей чемпионатым етІуанэ джэгугъуэр щекІуэкІащ. Абы щызэпэщІэува командэ 16-м зэрытемыгъэкІуэ къаХэкІакъым. Хьэлэмэтращи, хьэщІэхэр мы джэгугъуэм щынэхъыфІащ икІи зэІущІи 8-м ящыщу 5-р абыхэм я текІуэныгъэкІэ иухащ.

НЭГЪАБЭРЕЙ зэпеуэр и кІэм нэблэгъэхукІэ «Кэнжэмрэ» «Автозапчасть»-мрэ дыщэм ириззэныкъуэкъуащ. Мы гъэми ахэр чемпионыгъэм зэрыщІэбэныну щэч хэлъхьэм. ЕтІуанэ джэгугъуэм Бахьсэн щекІуэкІа зэІущІэм хэгъэрейхэр щытекІуащ икІи Кэнжэ къикІа я хьэрхуэрэгъуэхэм зэкІэ яПэ ищащ.

Мы гъэм зэхьэзэхуэр хуабжьу гуащІэу къыщІидзащ «Къэхъуныум». Я гъуащхьауэ нэхъыфІ Шащэ Беслъэн яхэмытыжми, абы щыджэгуэхэм топ куэд дагъэкІын щагъэтакъым. ЯПэ зэІущІэм «Шэджэм-2»-м и гъуэр 6 хагъэщІамэ, иджы «ЩІаучым» аргуэру топи 5 худагъэкІащ. Абы щыгъуэми щыджэгуар я хьэрхуэрэгъуэм я стадионраУэ.

«Къэхъуныум» зыкъыкІэрамыгъэхуну хущІокъу «Союз»-р, «Автозапчасть»-р, «ЛогоВАЗ»-р, «Нарт»-р. Абыхэми ягъэ джэгугъуитІыр я текІуэныгъэкІэ иухауэ турнир таблицэм бжьыпэр щалыгъащ.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм яПэ щищащ «Союз»-м щыджэгу Быдэ Ислъам. ПэщІэдзэ зэІущІитІым ар тхуэнейрэ къыщыхэжаныкІащ. Абы зы топкІэ къыкІэроху «Автозапчасть»-м и пашэ Хьэбылэ Алим.

Адэкіэ щыгъуазэ фыхуэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым хэт командхэм я етІуанэ джэгугъуэм кІэрикІуэ бжыгъэхэм. Мис ахэр: **«Родник»** (Псынэдахэ) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **1:5**, **«Щэджэм-2»** (Щэджэм ЕтІуанэ) - **«Велес»** (Къэрэгъэш) - **2:1**, **«Автозапчасть»** (Бахьсэн) - **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **2:1**, **«Щауч»** (Щэджэм) - **«Къэхъун»** (Къэхъун) - **0:5**, **«Тэрч»** (Тэрч) - **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **3:2**, **«Спартак-Д»** (Налшык) - **«Бедик»** (Арщыдан) - **1:3**, **«Къэбэрдей»** (Шэрэдж Ищхьэрэ) - **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **1:3**, **«Бахьсэн»** (Бахьсэн) - **«Союз»** (Налшык) - **0:3**.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. **«Къэхъун»**	2	2	0	0	11-0	6
2. **«Союз»**	2	2	0	0	11-2	6
3. **«Автозапчасть»**	2	2	0	0	7-1	6
4. «ЛогоВАЗ»	2	2	0	0	8-3	6
5. «Нарт»	2	1	0	1	4-1	3
6. «Кэнжэ»	2	1	0	1	7-5	3
7. «Бедик»	2	1	0	1	5-4	3
8. «Щтауч»	2	1	0	1	2-6	3
9. «Тэрч»	2	1	0	1	4-4	3
10. «Щэджэм-2»	2	1	0	1	2-7	3
11. «Бахьсэн»	2	0	1	1	1-5	1
12. «Велес»	2	0	1	1	2-3	1
13. «Спартак-Д»	2	0	0	2	1-4	0
14. «Псыгуэнсу»	2	0	0	2	2-8	0
15. **«Родник»**	2	0	0	2	4-11	0
16. **«Къэбэрдей»**	2	0	0	2	3-10	0

«БлэкІа лъэхъэнэм и лІыхъужьхэр»

Апхуэдэ фІэщыгъэм щІэту Нарткъалэ щекІуэкІащ нэщанэ еуэныкІэ щІынальэ зэпеуэ.

ДОСААФ-м и куей къудамэм, Калашниковым и цІэр зезыхьэ РОВСС-м, «Урысейм и фочаусхэм я зэгухьэныгъэм зэгъуэсэу къызэрагъэпэща мы Іуэхум хэтащ Нарткъалэм, Псынабэм, Къэхъуным я еджапІэхэр. Абыхэм ягъэльэгъуащ пневматикэ Іэщэмкіэ яІэ зэфІэкІхэр. АКМ автоматыр зэрызэпкърах-зэрызэпкъралъхьэ Іэмалхэр, дзэ-спорт джэгукІэхэр.

Зэхьэзэхуэр зэфІэкІа нэужь, командхэр хэтащ ТекІуэныгъэр Иныр илъэс 70 щрикъум теуха викториномэ. Мыбдежми еджакІуэхэр тхыдэ щІэныгъэм теуха упщІэхэм жэуап тэмэм етыныжьІэ зэпеуащ.

ЖАНОКЪУЭ Былэ.

Щэрдан Іэмырхъан Жэгъфар и къуэр

Щэрдан Іэмырхъан 1947 гъэм фокІадэм и 13-м Дзэлыкъэ районым хьихьэ Шордакъ къуэжьм къыщащІыхуащ. Къуажэ школ егъэджакІуэу лажьэ ЩэрдэнЖэгъфар щІалитху иІэт, Іэмырхъан етІуанэт. 11-нэ классыр къиуха нэужь, абы Совет Армэм къулыкъу щищІащ. 1968 гъэм лейтенанту къигъэзэжри, КъБКъУ-м промышленность, граждан уэхуэныгъэмкІэ и къудамэм щІэтІысхьащ. Ар 1980 гъэм инженер-уэхуакІуэу къиухащ. 1984 гъэм абы марксизм-ленинизм университетым къэрал уэхуэныгъэмрэ хуитныныгъэмкІэ и къудамэм и диплом зыІэригъэхьауэ. 1981 гъэм щегъэжьауэ унэ зыуэхэ комбинатым щылэжьащ.

Иджыри студенту абы щхьэгъусэ ищІат Лъхь ФатІимэт. Іэмырхъан и унэр щІыху кІуэнІэт, абы ныбжьэгъу и куэдт. Езыр ныбжьэгъу пэжу, щІыхуІэгъэ хэту, гупщІанэу щІащ. ЗыхуэзфІэмыкІым ар сытым деж дэІэпыкъурт.

Иужьрей илъэситІрэ ныкъуэм Іэмырхъан уз бзаджэм пэщІэтащ. 2015 гъэм мэлыжьыхьым и 9-м ар дунейм ехьжащ. Щэрдан Іэмырхъан бынищ, абыхэм я бынижу 10 къыщІэнащ. Дигу ихунукъым щІыху гуапэу дунейм тетар.

Іыхьлыхэмрэ ныбжьэгъухэмрэ.

Къуэдыхэр и чэзум етын хуейщ

КъБР-м щыІэ МВД-м и ГИБДД-м Административнэ хабзэр къызэпІыдзыдэхэр автоматизированнэу зытх Іэмэпсымэхэм гъуэгум зэрыщызекІуэ хабзэр мэлыжьыхьым и 3-9-хэм 8 995-рэ къызэпаудауэ ятхащ. Абыхэм япкъ иткІэ, къуэдыуэ сом 5 801 000-рэ тралъхьащ. А махуэхэм къуриубыдэу сом мелуани 2-рэ мин 605-м щІигъу, е къуэдыхэм я процент 45-р, япшынащ.

НэХЪАПЭМИ къызэрыхэдгъэщащи, уи фІэфІныгъэкІэ administративнэ къуэдыр махуэ 60-м къриубыдэу упшын хъунущ. Адэкіэ administративнэ къуэдыр зэрытралъхьам и унафэм и копиер Суд приставэм я кІулыкъум Іэрагъэхьэ.

Administративнэ къуэдыр хабзэм игъэува пІалъэм (УФ-м и КоАП-м и 20.25 статьяр «Administративнэ тезырыр Іэзэщ Іэнэм зыпІыІудзын») къриубыдзэ ямыпшынмэ, ар хэдзІкІэ яГъабгъуэ е сыхьат 50-кІэ Іэмал имыІэу лэжьыгъэм ирашалІэ.

Иджы цІыхухэм administративнэ хабзэр къызэпаудамэ, ГИБДД-м къытрилъхьа къуэдым теуха хъыбарым Урысейм и Къэрал автоинспекцэм и сайтым - **www.gibdd.ru**, КъБР-м Къэрал Іуэхутхьэбзэкэр яхуэщІэныжьІэ куэд къызэщІэзыубыдэ центрым и къудамэхэм щыгъуазэ зыщащІыфІынуц:

1. Налшык къалэ, Хъураным и уэрам, 9.
2. Бахьсэн къалэ, Революционнэ уэрам, 2/10.
3. Тырныауз къалэ, Эльбрусскэ уэрамдэкІ, 31.
4. Прохладнэ къалэ, Гагариным и уэрам, 44.
5. Майскэ къалэ, Энгельс и уэрам, 74.

Къуэдыхэр щыхэплъхьэ хъунущ Урысей пощтым, ХъуманІэ банкым е нэгъуэщІ коммерцэ банкхэу ГИБДД-м и къуэдыхэр щыІэхэм.

Къуэдыр щыхэфлъхьэкІэ Іэмал имыІэу гу лъытапхъэщ ахъшэр зэрыхэплъхьэн хуей (УИН) унафэм и номерыр тэмэму къэгъэлъэгъуэным. Къуэдыр зэрыхэплъхьамкІэ квитанцым УИН-р тэмэму къыщыщІэлъэгъуамэ, ахъшэр яІэрыхьэнукъым.

Рулым дэсхэм фигу къыдогъэкІыж:

- Гъэгум зэрыщыщІэкІуэ хабзэр къызэпывмыдыдзэ!
- Кьыфтралъхьа administративнэ къуэдыхэр и чэзум хэфлъхьэ.

КъБР-м щыІэ МВД-м и ГИБДД-м и ЦАФАП.

● Гъуаздж Іэ

Макъ жьгъырухэр

Прохладнэ щІынальэм щыІэ гъуаздж Іэхэмкіэ сабий школым уэрэд жьыІэныкІэ и «Колибри» ансамблым «Дыгъэм и къалэ» урысейпсо фестивальм яПэ увыпІэр къыщихьащ.

ВОКАЛЫМКІЭ ансамблым и художественнэ унафэщІ Омельченкэ Викторие къызэрыхигъэщамкІэ, цІыкІуэхэм я зэфІэкІ щагъэунэхуа Сочэ кьалэм кІуэнымкІэ адэ-анэхэр мылъкукІэ кьадэІэпыкъуащ.

Хуэдэ щымыІэу уэрэджыкІуэ ныбжьыщІэхэм ягъэзэщІащ къэзыуэрееихь дунейм, сабиигъуэм ятеухуа уэрэджэр.

Гуп зэпеуэм зэрыщытекІуэхэм я мызакъуэу, «соло» унэтІыныгъэмкІэ фІым я фІыжу зыкъыгъэльэгъуащ уэрэджыкІыкІуэ Гетман Анастасие.

«Колибри» ансамблым ТекІуэныгъэ Иныр ди къэралым щагъэльэпІэну махуэм егупуу зыхуэгъэхьэзыр.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Іуэхутхьэбзэ псори пщІэншэщ

● Гу зытъытапхъэ

«Налшык къалэм лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщыныгъэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и центр» къэрал кІэзонэ Іуэхущ Іапі эм Іэнатіэ къыхъуэхэм я жармыкІэ иregъэкІуэкІ.

АБы ирагъэблагъэ зыхуэдэм емылъытауэ, предприятэ зэмылІэужьыгъэхэр. Апхуэдэу, Налшыкэ нэгъуэщІ щІэпІэкІэ щыІэ Іэнатіэ хуитхэр зыхуэдэм жармыкІэм цІыхухэр щыхагъэгъуэзэнущ. Іуэхутхьэбзэ псори пщІэншэщ.

Жармыкіэр мэлыжьыхьым и 24-м сыхьэти 10-м щегъэжьауэ Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэм щызэхэтынущ. ФыздекіуэлІэнур: Налшык къалэ, Щоджэнцыкіым и цІыр зезыхьэ уэрам, 28, телефоныр: 77-59-60.

«Налшык къалэм лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщыныгъэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и центр» ГКУ-м предприятэ, организацэ зэмылІэужьыгъуэхэм, щхьэзакъуэ хъэрычтыщІэхэм захуегъазэ ныкъуэдыкъуэхэм лэжьапІэ къахуэгъэзэтыныжмкІэ ядэІэпыкъуну. Зи Іэпкъльэпкъым сэкъат иІэхэм папщІэ зыхуэІ Іэмэпсымэхэмкіэ Іэнатіэхэр зыхуэзэщІэнущ унафэщІхэм абыхэм текІуадэр иратыжынущ.

Ди хэщІапІэр: Налшык къалэ, Ахъуэхъум и цІэр зезыхьэ уэрам, 141 «а», 4-нэ пэш.

Телефоныр: 77-41-96.

КАНУННИКОВЭ Татьянэ,
«Налшык къалэм лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ къызэгъэпэщыныгъэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и центр» ГКУ-м и унафэщІ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхьы секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ Іэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩІхьэщэмыщІ Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ●